

Rezo pou ede moun peye kay nan Ded Konnti

Housing Assistance Network of Dade (HAND)

Yon pwogram k ap ede moun ki bezwen kote pou yo rete nan Miyamided Konnti.

Ki moun ki ka aplike pou mande kout men?

1. Se moun oubyen fanmi ki nan lari oubyen ki abite yon kote men yo san lè pèdi kay yo epi yo pral bezwen kote pou yo rete pou yon ti bout tan oubyen yo ka bezwen kout men pou peye kouran, dlo ak gaz lakay yo yon fason pou anpeche yo pèdi kay yo, epi
2. Valè kòb tout moun nan kay la ap fè met ansanm, swa li a 30% oubyen li pi ba pase valè kòb moun nan zòn nan fè an mwayèn, sa depann de valè moun ki abite nan kay la:

Number of persons in household:	1	2	3	4	5	6	7	8
Monthly 30% AMI	1,246	1,421	1,680	2,025	2,370	2,715	3,061	3,408
Annually 30% AMI	14,950	17,050	20,160	24,300	28,440	32,580	36,730	40,890

Ki kout men yon moun kab jwenn?

Yo kab ede moun peye lwaye, kouran, dlo ak gaz, bay yon depo, èd legal ak konsèy sou afè kredi. Gen lòt kalite sèvis ki disponib tou.

Kouman pou w aplike pou pwogram sa a?

Telefone 1-877-994-4357 pou jwenn lokal ki pi pre w la.

Men sou ki sa yo gade pou ede moun peye lwaye yo:

1. Si moun nan gen yon responsab kay nan yon apatman oubyen yon motèl kote moun gen dwa rete nèt. Yon chanm anndan yon kay pa ladan. (Pwogram nan pa ede moun peye ipotèk sou kay yo). Fò moun ki reskonsab kay la se li ki mèt kay la. Ni òganizasyon "Citrus" ni Miyamided Konnti oubyen ajans k ap ede lokatè a pa dwe mèt kay la.
2. Lwaye a dwe a yon pri ki pa egzajere;
3. Fò lwaye a abòdab pou valè kòb moun nan kay la ap fè oubyen pou valè kòb yo kapab fè;
4. Si moun k ap aplike a pral abite nan yon lòt kay, fò kote l pral abite a ann òd dapre règleman lwa federal ak règleman lokal yo, fò moun kab remake kondisyon sa yo nan kay la:
 - a. Fò lisans ki pèmèt moun abite nan kay la yon kote tout moun kab wè li, oubyen lisans pou fè biznis nan lokal la, oubyen tou rechèch sou konpitè pou asire tout bagay an règ nan kay la, epi
 - b. Fò tout enspeksyon nan kay la deja fin fèt.
 - c. Fò yo deja enspekte kay la pou wè si pa gen penti ki gen plon ladan si yon timoun ki gen mwens pase 6 an pral abite nan kay la.

Dokiman yo mande moun ki nan kay la:

1. Prèv ki montre moun nan pa gen kote pou l rete oubyen prèv ki montre moun nan san lè nan lari (yon avètisman 3 jou oubyen yon lèt ki sofi nan yon pwogram pou moun ki ret nan lari, oubyen lòt kalite prèv).
2. Si moun nan ap mande pou yo ede l peye kouran, dlo oswa gaz, fò l prezante yon bòdwo.
3. Souch chèk travay kòm prèv pou montre valè kòb tout moun nan kay la ap fè.
4. Kopi chèk travay ak resi labank ki montre konbyen kòb moun nan fè ak valè byen li genyen nan dènye 30 jou ki sot pase yo.
5. Kopi kat didantite.
6. Kopi papyè fèm kay la ak non moun k ap aplike a ladan.
7. Fanmi an ap bezwen bay non tout moun ki abite nan kay la, epi yo dwe bay adrès mèt kay la ak nimewo telefòn li.

(Tanpri kontakte Kòdonatè "ADA" a nan 305-424-3040 si w bezwen èd espesyal. Si w ta vle pote plent oubyen di ou pa dakò ak yon desizyon, kontakte sipèvizè kote ou aplike a oubyen telefone 305-424-3040).

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

